

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje daprèdiskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHS). Desizyon politik final yo ap tabli daprè règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

ENFÒMASYON SUIVI KI KONSÈNE Apèl timestriyèl manm CCM epi fanmi CCM yo : 23 avril e 2 me 2024

AJANDA

Sijè	A ki lè
Mizajou sou tout amelyorasyon nan livrezon sèvis CSN yo.	4/23 – 10 – 10:40 a.m. 5/2 – 5:00 – 5:40 p.m.
Seyans dekout MassHealth pou manm CCM epi fanmi CCM	4/23 – 10:40 – 11:30 a.m. 5/2 – 5:40 – 6:30 p.m.

Opinyon manm CCM epi fanmi CCM e suivi

1. Fanmi CCM yo poze kesyon sou inisyatif mendèv CSN lan.

- a. Fanmi CCM mande enfòmasyon sou koleksyon done yo e sou mezi siksè pwogram prim retansyon an e sou ranbousman prè yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** Li twò bonè pou byen konprann enpak inisyatif prim retansyon e ranbousman prè CSN yo. Aktyèlman, MassHealth ka rapòte ke 154 enfimye / enfimyè fè aplikasyon epi kalifye pou yon ranbousman prè pou edikasyon. MassHealth ap travay kounyela pou fini kontra endividyle enfimye / enfimyè kalifye ki fè aplike e l ap kontinye siveye devouman sèvis enfimye / enfimyè yo. Pwogram prim retansyon CSN nan peye 3,257 prim retansyon atravè 37 ajans CSN e 204 enfimye / enfimyè endepandan. MassHealth pa gen done ki disponib e prè pou detèmine konbyen enfimye / enfimyè ajans ki resevwa yon prim retansyon, men gendwa di kantite è CSN founi pa trimès la ogmante an mwayèn pa 5.8% e kantite enfimye/enfimyè endepandan(IN) k ap founi aktivman sèvis CSN ogmante pa 91.
- b. Fanmi CCM poze kesyon sou chanjman ki te fèt nan kondisyon pou admèt nan pwogram ranbousman prè a epi kòman chanjman sa yo te kominike bay fanmi yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth voye imèl bay tout founisè ajans yo, enfimye / enfimyè endepandan, e manm epi fanmi CCM yo sou chanjman pou admèt nan pwogram ranbousman prè a. Dènye imèl bay fanmi CCM yo te ale le 28 fevriye 2024. Anplis, MassHealth te mande pou Ministè pou sante publik (Department of Public Health) voye yon imèl bay tout enfimye / enfimyè ki nan lis difizyon nan eta a.
- c. Fanmi CCM yo mande pouki pwogram prim retansyon e pwogram ranbousman prè a ap fini.
 - i. **Respons OLTSS la :** Pwogram prim retansyon CSN lan e pwogram rabousman prè a te toude inisyatif American Rescue Plan Act (ARPA) te finanse. Lajan ARPA gen delè trè strik kote yo gen pou yo depanse, sa te gen yon enpak sou delè pwogram prim retansyon an e ranbousman prè a.
- d. Fanmi CCM yo mande si pwogram ranbousman prè a ta ka pwolonje oubyen si li ta ka rekòmanse pi devan.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje daprèdiskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EO HHS). Desizyon politik final yo ap tabli daprè règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

- i. **Respons OLTSS la :** Pwogram ranbousman prè a pa ka pwolonje poutèt lajan federal ki finanse pwogram lan tanporè e pa disponib ankò.
 - e. Fanmi CCM yo mande kòman twa nivo pwogram prim retansyon CSN lan te detèmine.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth tabli nivo yo pou pwogram prim retansyon CSN lan nan angajman avèk pati prenant tèlke fanmi e founisè CSN yo. Fanmi CCM yo te sijere an premye pou founi yon nivo pi ba pou kaptire enfimye / enfimyè pa jou e a mwatye tan. Lè MassHealth te anvizaje an premye pou gen yon nivo 36 è kòm nivo siperyè, ajans CSN yo te sijere monte nivo a jiska 40, pou gen ladan enfimye / enfimyè ki travay plis pase 36 è epi pou ankouraje lòt enfimye / enfimyè travay lè siplemantè pou satisfè nivo ki pi wo a.
 - f. Fanmi CCM yo mande si enfimye / enfimyè ajans yo ta ka pran yon sondaj sou eksperyans yo nan pwogram prim retansyon CSN e pwogram ranbousman prè CSN.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth apresye sijesyon sa a e l ap reflechi sou yon sondaj pou de pwogram sa yo. MassHealth pa gen imèl oubyen lòt mwayen pou kontakte enfimye / enfimyè ajans yo.
 - g. Fanmi CCM yo mande kiyès k ap la nan fowòm anplwa MGH IHP yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** Ap gen reprezantan ajans CSN yo, manm nan ekip CSN MassHealth la, epi reprezantan ekip MassHealth pou enskripsyon founisè ki ka pale sou pwoesisis pou ka vin yon enfimye / enfimyè endepandan.
2. **Fanmi CCM yo poze kesyon sou sèvis asistan swen konplèks (Complex Care Assistant, CCA) epi bay opinyon sou sa.**
- a. OLTSS mande kòman pou rasanble done kalitatif nan men fanmi yo sou eksperyans yo avèk CCA, kote fanmi yo bay opinyon pa yo, ki gen ladan enpòtans pwoteksyon anonima repons nan sondaj la e sou lide pou gen gwoup chita pale.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth apresye opinyon sa a e li gen lentansyon ajoute kesyon sou sèvis CCA yo nan sondaj sou eksperyans manm CCM yo, ki pral kòmanse nan kòmansman lane 2025 la. Repons sondaj sa yo se repons an anonima. MassHealth ap kontinye konsidere lòt fason pou resevwa opinyon kalitatif sou sèvis CCA yo, tèlke nan yon gwoup pou chita pale.
 - b. Fanmi CCM yo mande enfòmasyon sou ranbousman pou sèvis CCA pou founi swen pandan yon manm lopital.
 - i. **Respons OLTSS la :** Pou kounyela, MassHealth pa ka ranbouse pou sèvis CCA yo yon fwa yon lopital oubyen lòt etablisman pran manm lan anchaj. Sa t ap konsidere kòm sèvis doub paske lopital la oubyen lòt etablisman an ap ranbouse pou founi kalite swen sa a.
 - c. Fanmi CCM yo mande kòman MassHealth ap komèsyalize sèvis CCA yo bay fanmi ki pa itilize yo kounyela.
 - i. **Respons OLTSS la :** Manadjè klinik CCM yo ap mande fanmi yo nan apèl trimestriyèl oubyen chak sis mwa yo sou sèvis CCA yo, epi si fanmi ta enterese ajoute sèvis sa a. Anplis, MassHealth te kreye yon paj ki gen enfòmasyon sou sèvis CCA yo nan paj wèb manm CCM lan nan mass.gov/ccm.

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje daprèdiskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EO HHS). Desizyon politik final yo ap tabli daprè règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

- d. Fanmi CCA yo mande pou MassHealth reflechi pou otorize tan pou fè dokimantasyon sèvis CCA yo.
 - i. **Respons OLTSS Ia** : MassHealth ap konsidere opinyon sa a. Pou lemoman, evalyasyon CCA yo CCM fin fè pa prevwa tan pou fè dokimantasyon.
- e. Fanmi CCM yo mande konbyen CCA ki se fanmi konpare ak sa ki pa fanmi e si CCM gen enfòmasyon sa yo.
 - i. **Respons OLTSS Ia** : MassHealth pral ranmase enfòmasyon sa yo nan men founisè ajans yo ; sepandan, kadans kote rapò sa yo ap nesesè poko detèmine . Nan plizyè sitiyasyon, manadjè klinik CCM yo gendwa okouran si sèvis yo founi pa yon fanmi, sepandan kèk fanmi pa pran desizyon sa a nan lè yo ranpli evalyasyon CCA pa yo a epi gen otorizasyon anteryè a. Lè fini, gen manm ki gen plizyè CCA pou satisfè èdtan pa yo, sa ki gendwa gen ladan fanmi e moun ki pa fanmi.
- f. Fanmi CCM yo mande si CCM ta ka ranmase enfòmasyon pou wè pouki fanmi chwazi pou yo CCA.
 - i. **Respons OLTSS Ia** : MassHealth pral enkòpore kesyon sou sèvis CCA yo nan sondaj sou eksperyans manm CCM yo, ki ap kòmanse nan kòmansman lane 2025 la. MassHealth ap konsidere kòman kalite enfòmasyon sa yo ta ka rasanble nan sondaj la.
- g. Fanmi CCM yo mande si ka genyen yon opsyon fleksib CCA, sanblab ak opsyon PCA a.
 - i. **Respons OLTSS Ia** : MassHealth ap travay alèkile sou yon pwosè k ap pèmèt yon opsyon fleksib CCA, epi yon fwa sa ka fèt, MassHealth gendwa konsidere ajoute kalite fleksibilite sa a nan sèvis CCA yo.

3. Fanmi CCM yo poze kesyon sou repètwa enfimye / enfimyè CCM lan

- a. Fanmi CCM yo mande pouki plis fanmi pa itilize repètwa a epi kòman li komèsyalize.
 - i. **Respons OLTSS Ia** : Manadjè klinik CCM yo ap pale sou repètwa anliy la avèk manm epi fanmi yo nan apèl trimestriyèl epi chak sis mwa yo. Lè fini, MassHealth e CCM ap travay sou yon plan komunikasyon ki gen ladan komunikasyon miltimedya ki pou manm, fanmi, e founisè yo. Premye etap plan komunikasyon sa a ap avèti manm, fanmi, epi founisè yo ke mizajou pou Faz 2 repètwa a fin fèt.
- b. Fanmi CCM yo mande si MassHealth gen done sou konbyen koneksyon ant manm e enfimye / enfimyè yo ki fèt nan repètwa a.
 - i. **Respons OLTSS Ia** : MassHealth ap travay avèk ekip k ap devlope repètwa a pou ajoute yon fason pou suiv koneksyon yo e ki pral kòmanse nan Faz 2 a. Manadjè klinik CCM yo pral mande manm epi fanmi yo tou si yo fè yon koneksyon nan repètwa a nan apèl trimestriyèl yo oubyen apèl chak sis mwa yo.
- c. Fanmi CCM yo mande si repètwa a ka sèvi pou jwenn lòt sèvis, tankou asistan swen konplèks (complex care assistant, CCA) oubyen asistan swen pèsònèl (personal care attendant, PCA).
 - i. **Respons OLTSS Ia** : Repètwa enfimye / enfimyè CCM lan se inikman yon platfòm pou jwenn enfimye / enfimyè CSN, ansanm ak enfimye / enfimyè endepandan epi enfimye / enfimyè ki travay pou yon ajans. Gen yon repètwa apa pou PCA ki

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje daprèdiskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EO HHS). Desizyon politik final yo ap tabli daprè règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

nan : <https://www.masspcadirectory.org/>. MassHealth pap planifie alèkile pou li devlope yon repètwa apa pou sèvis CCA yo, men li gendwa reflechi sou sa pi devan.

4. Fanmi CCM yo pataje opinyon yo sou komunikasyon MassHealth avèk manm epi fanmi CCM yo.

- a. Fanmi CCM yo pataje opinyon yo e mande pou MassHealth konsidere fason pou amelyore komunikasyon avèk manm epi fanmi CCM yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth apresye kòmantè sa a e toujou kontan resevwa lide sou kijan pou amelyore komunikasyon. MassHealth voye bay manm epi fanmi CCM yo imèl sou nouvo pwogram e sou aktivite ki pral genyen, epi li mete kopi imèl sa yo sou paj wèb manm CCM lan nan mass.gov/ccm. Baze sou kòmantè fanmi yo, MassHealth tou dènyèman kòmanse voye alèt nan mesaj tèks pou sèten anons. Pou resevwa alèt nan mesaj tèks, manm oubyen fanmi dwe konsanti pou yo resevwa mesaj sa yo nan [fòmilè sa a](#).
- b. Fanmi CCM yo mande si nouvo antite jesyon ka a, yon fwa yo genyen I, ta ka ede kominike avèk fanmi yo sou pwogram ki disponib yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** Absoliman. Antite jesyon ka yo ap responsab pou asire manm epi fanmi CCM yo okouran de tout resous e pwogram ki disponib pou yo.
- c. Fanmi CCM yo mande si apèl trimestriyèl MassHealth gen avèk manm epi fanmi CCM yo ka anrejistre epi pataje avèk fanmi yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth revize si apèl sa yo ka anrejistre epi pataje avèk fanmi yo. Byenke MassHealth pa ka anrejistre apèl an dirèk avèk manm e fanmi yo, poutèt pwoblèm ki konsène pataj enfòmasyon sou sante ki pwoteje (protected health information, PHI), MassHealth ka anrejistre prezantasyon sou mizajou sèvis CSN yo e pwogram CCM lan san pa gen manm oubyen fanmi nan apèl la. Anrejistreman an ka pataje aprè sou paj wèb nou an. MassHealth prevwa anrejistre pwochen apèl trimestriyèl la e pataje li sou paj wèb la, ansanm ak minit e dyapozitif apèl an dirèk yo.

5. Fanmi CCM yo poze kesyon sou lajan sekou pou asistan swen natirèl CCM

- a. Fanmi CCM yo mande si fanmi yo okouran soumisyon lajan sekou ap fini le premye jen 2024?
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth e CCM voye yon imèl bay tout fanmi sou finisman pwogram peman sekou a le 23 avril 2024. Anplis, UHealthSolutions e CCM aktivman ap kontakte fanmi ki admisib pou nenpòt faz pou lajan sekou yo men ki poko resevwa peman.

6. Fanmi CCM yo poze kesyon sou plent founisè yo

- a. Fanmi CCM yo mande enfòmasyon sou plent lan, eskalad la, epi pwosè ankèt la pou pwoblèm manm e fanmi yo gen avèk founisè CSN yo, sa gen ladan ajans epi enfimye / enfimyè endepandan.
 - i. **Respons OLTSS la :** MassHealth revize tout preyokipasyon ki konsène founisè CSN yo ki pataje pa CCM oubyen pa manm oubyen pa fanmi CCM yo an dirèk. Pwochen etap MassHealth gendwa pran apre li resevwa yon plent sou sèvis yon CSN, an fonksyon nivo pwoblèm lan, gendwa se : chita pale avèk founisè ajans

Divilgasyon : Dokiman sila se sèlman pou rezon enfòmatif e pou devlopman politik yo. Dokiman an pa reprezante yon deklarasyon jiridik obligatwa. Kontni dokiman an siseptib pou l chanje daprèdiskresyon Biwo egzekitif pou sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHS). Desizyon politik final yo ap tabli daprè règleman MassHealth e direktif règlemantè yo.

sèvis la sou pwoblèm lan ; egzamine rapò sou ensidan oubyen aksidan yo ; egzamine istwa faktirasyon ajans lan ; eskalad bay lòt òganizasyon nan eta a oubyen komisyón lisans yo ; epi oubyen, vizit siplas, odit oubyen lòt aktivite verifikasyon ajans lan oubyen enfimye / enfimyè endepandan an. Lè founisè pa respekte règleman CSN yo, MassHealth gendwa emèt sanksyon e / oubyen kanpe enskripsiyon founisè a nan MassHealth.

7. Fanmi CCM yo poze kesyon sou inisyatif done sou ekite sante EOHHS yo.

- a. Fanmi CCM yo mande si done sou ekite a ap gen enfòmasyon sikososyal pou fanmi manm yo, tèlke lòt responsablite edan yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** Inisyatif sou done ekite sou sa ki konsène sante EOHHS konsantre sou kolekte done sou idantifikasiyon manm MassHealth yo, sa gen ladan ras, etnisite, oryantasyon seksyèl, e idantite sèks. Pou kounyela, CCM ap sèlman enkòpore kesyon sou ras e etnisite yon manm nan evalyasyon e re-evalyasyon CCM yo. Repons pou kesyon sa a konplètman volontè.

8. Fanmi CCM yo poze kesyon sou lòt dènye desizyon eta e federal yo epi sou enpak yo genyen sou sèvis CSN yo.

- a. Fanmi CCM yo mande kòman dènye règ final CMS la ki te anonse 22 avril 2024 e ki konsène repèkisyon salè 80:20 a pou ranbousman founisè apafekte sèvis CSN yo?
 - i. **Respons OLTSS la :** Desizyon final CMS sou règ ranbousman founisè yo e yon repèkisyon salè pa aplike pou pwogram frè pou sèvis yo ; règ sa konsène sèvis presi ki founi nan yon pwogram egzansyon Medicaid. Pa konsekan, desizyon sa a pa gen enpak sou sèvis CSN MassHealth yo.
- b. Fanmi CCM yo mande enfòmasyon sou yon dènye règleman Massachusetts sou sa ki konsène transfere moun sot nan etablisman swen alontèm pou ale nan kominate a, e si ap gen yon enpak sou sèvis CSN yo.
 - i. **Respons OLTSS la :** Règleman an pwopoze 2,400 tranzisyon nan yon peryòd 8 lane. Majorite patisipan sa yo ap sèvi nan sa ki rele egzansyon sèvis MassHealth adomisil epi nan kominate a. Lòt ap sèvi nan men pwogram Ministè swen mantal, e yon ti kantite ap siman resevwa sèvis nan men lòt sèvis MassHealth, tèlke Pwogram swen enklizif pou moun aje (Program of All-Inclusive Care for the Elderly, PACE) oubyen Opsyon swen pou moun aje (Senior Care Options, SCO). MassHealth pa prevwa pou rezulta règleman sa a ap gen yon gwo enpak sou sèvis CSN yo.